



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 14 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE NOUVO FON SIBVANSYON AGRIKILTÈ YO POU SIPÒTE BIZNIS AGRIKILTÈ NAN
NEW YORK**

***Nouvo Fon sibvansyon Agrikiltè Eta New York la pral sipòte agrikiltè yo, ankouraje chemen karyè nan
agrikilti***

Depatman Agrikilti ak Mache konvoke gwoup travay la pou ede nouvo agrikiltè yo

Pwogram Rekonpans Padon Prè Jèn Agrikiltè yo kounye a ap aksepte aplikasyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse plizyè inisyativ pou ede nouvo agrikiltè ki fenk kòmanse yo, epi ankouraje kwasans kontinye nan biznis agrikòl New York. Fon Sibvansyon Nouvo Agrikiltè Eta New York, sa ki pral sipòte agrikiltè kap kòmanse yo epi ankouraje agrikilti kòm yon karyè, te lanse jodia e kounye a lap aksepte aplikasyon. Fon \$614,000, ki te adopte nan Bidjè 2014-2015 Eta New York epi siyen an lwa pa Gouvènè Cuomo, pral itilize pou bay sibvansyon pou agrikiltè kap kòmanse yo ki pral sibstansyèlman patisipe nan pwodiksyon yon pwodui agrikòl, epi anplwaye itilizasyon teknik agrikòl inovativ nan eksplwatasyon fèm komèsyal yo toupatou nan Eta.

“Agrikiltè New York yo jwe yon wòl santral nan ekonomi New York, e jodia nap pran yon lòt etap pwogrè nan sipòte yo ak endistri yo a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nan finanse yon kantite de 50 pousan nan pri pou kòmanse pou jèn agrikiltè yo, nap kreye nouvo opòtinite pou jèn agrikiltè yo nan Eta ak plante grenn pou siksè yo alontèm. Mwen fyè pou m sipòte nouvo jenerasyon agrikiltè yo nan New York, e map rete tann pou m wè ekonomi agrikòl nou an fleri pou sezon yo ak jenerasyon kap vini yo.”

Fon \$614,000 pral bay sibvansyon jiska \$50,000 pou agrikiltè ki elijib yo ki patisipe nan pwodiksyon yon pwodui agrikòl sou yon eksplwatasyon fèm komèsyal nan New York. Yo ka itilize fon yo jiska 50 pousan nan pri pwojè a enkli, men ki pa limite a: lwe oswa achte machin pou fèm ak ekipman; konstriksyon oswa agrandisman etablisman fèm oswa sistèm agrikòl yo; ak acha founiti tankou grèf, semans, oswa angrè. Devlopman Empire State, an konsiltasyon avèk Depatman Agrikilti ak Mache, pral jere fon an.

Aplikasyon pou Nouvo Fon Sibvansyon Agrikiltè Eta New York la disponib [LA](#); delè pou soumèt aplikasyon an se 28 Janvyè 2015.

Anplis, sou direksyon Gouvènè a Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball pral konvoke yon gwoup travay pou egzamine obstak yo pou etabli yon operasyon agrikòl ak asistans ki disponib. Fè Patenarya avèk Devlopman Empire State, gwoup travay la pral gen ladan reprezatan ajans yo, pretè ak enstitisyon finansye yo, spesyalis resous latè, ak gwoup yo chwazi oswa Moun ki reprezante “nouvo, agrikiltè kap kòmanse”. Manm yo nan pwosesis pou finalize. Premye reyinyon gwoup la pwograme pou 30 Oktòb 2014 de 1:00 – 3:30 p.m. nan depatman Agrikilti ak Mache nan Albany.

Prezidan Devlopman Empire State, PDG ak Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Travay avèk patnè nou yo nan Devlopman Agrikilti & Mache yo, nap investi nan agrikiltè yo pou avni nou epi rann li pi fasil pou etabli yon operasyon agrikilti nan Eta New York. Nouvo Fon Sibvansyon Agrikòl la pral bay sipò anpil nan agrikiltè nou yo bezwen pou devlope biznis yo.”

Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Ball te deklare, “Lè mwen te premye enterese pou m fè de agrikilti mwayen pou m viv, mwen pat gen yon fèm pou m ale lakay mwen, epi anpil agrikiltè nan menm sitiyasyon sa nan Eta New York. Gen anpil obstak pou agrikiltè kap kòmanse yo, enkli depans pou demare ak aksè a kapital. Nouvo pwogram sa a pral ede plizyè douzèn Nouyòkè reyisi nan pwofesyon ke mwen fyè pou m fè pati a.”

Pou ede ankouraje resan diplome kolèj yo pou pouswiv yon karyè nan agrikilti nan Eta New York, Pwogram rekonpans Padon Prè pou Jèn Agrikiltè Eta New York yo te pase egalman nan bidjè ane sa a, kounye a ap aksepte aplikasyon. Pwogram lan bay prim padon prè a moun yo ki genyen yon diplome kolèj nan yon kolèj oswa inivèsite apwouve Eta New York e yo dakò pou eksplwate yon fèm nan Eta New York, sou yon baz aplentan, pou senk ane.

Aplikasyon pou Pwogram rekonpans Padon Prè pou Jèn Agrikiltè Eta New York la disponib [LA](#); delè pou soumèt aplikasyon an se 15 Desanm.

Prezidan pa entèrim Sèvis Kòporasyon Edikasyon Siperyè Elsa Magee te deklare, “Grasa administrasyon nouvo pwogram padon prè a, HESC anmezi pou ede nan kowòdone epi de fason enpòtan retire baryè yo kap dekouraje jèn Nouyòkè yo pouswiv yon karyè nan agrikilti. Teni kont de repons nou te resevwa nan pwogram lan jiska dat, li klè ke pwogram padon prè a pral sèvi pou soutni ak ranfòse nouvo moun yo kap antre nan endistri agrikòl la.”

Prezidan Agrikilti Sena Eta Senatè Patty Ritchie te deklare, “Pandan anpil deseni, agrikilti se te yon mòdvi, ki te transmèt de jenerasyon an jenerasyon, avèk moun yo ki te travay latè ki te sèvi kòm yon pyès santral nan ekonomi eta nou an. Toutfwava, rechèch te montre mwayèn laj agrikiltè New York yo ap ogmante epi mwens jèn moun ap pouswiv yon karyè nan agrikilti. Inisyativ sa yo ap chèche pou korije pwoblèm sa a epi prezève endistri agrikòl robis eta nou an pou ane kap vini yo nan ofri rekonpans ki pral ede ankouraje plis moun kap kòmanse karyè yo pou rejwenn ran agrikiltè kap travay san relach nan eta

Haitian Creole

nou an.”

Manm asanble Bill Magee te deklare, “Nan bay asistans a bezwen jèn agrikiltè nou yo atravè inisyativ tankou Fon Sibvansyon Agrikiltè yo, nap asire ke endistri agrikòl la gen yon fondasyon kote lap kontinye grandi. Mwen kontan dèske Eta ap kontinye sipòte biznis agrikòl, sa ki se yon motè nan ekonomi New York ak kreyasyon travay.”

Prezidan Biwo Agrikilti New York Dean Norton te deklare, “Kòm laj mwayen agrikiltè yo ap ogmante chak ane, nou dwe ankouraje alafwa jèn ak nouvo agrikiltè yo pou pran yon pati aktif nan kominote agrikòl nou an. Pwogram tankou de sa yo se fason ekselan pou non sèlman pwomote ak devlope agrikilti, men yo se egalman yon gwo apwòch pou asire New York ap kontinye pou l yon gwo konkiran nan mache nasyonal la.”

Agrikilti se youn nan motè ekonomik ki pi enpòtan nan Eta New York. Daprè yon etid 2014 ki te pibliye pa Pwofesè Todd Schmit nan Inivèsite Cornell, lè agrikilti enkòpore avèk pwodiksyon agrikòl, sèvis sipò, ak manifakti, li reprezante yon endistri \$53.7 milya dola nan New York epi reprezante plis pase 200,000 djòb.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE